

BAB IV

SUNTINGAN TEKS

4.1. Pengantar Suntingan

Suntingan teks dalam istilah filologi menyajikan teks yang biasanya disertai dengan catatan berupa aparat kritik, kajian bahasa naskah, ringkasan isi naskah, bahasan teks dan terjemahan teks dalam bahasa nasional apabila teks dalam bahasa daerah dan dalam bahasa internasional, apabila disajikan untuk dunia internasional (Baried, 1983: 30-31).

Teks dalam perjalanannya mengalami penurunan berkali-kali. Naskah diperbanyak karena orang ingin memiliki naskah itu sendiri, atau karena naskah asli sudah rusak, kemungkinan lain adalah adanya kekhawatiran akan terjadi sesuatu terhadap naskah asli yang mengakibatkan hilangnya atau rusaknya naskah asli. Naskah juga disalin dengan tujuan magis, diharapkan dengan menyalin suatu naskah tertentu, orang akan mendapat kekuatan magis. Naskah yang dianggap penting, disalin dengan berbagai tujuan seperti politik, pendidikan, agama dan sebagainya (Baried, 1983: 92).

Penyalinan yang berkali-kali memungkinkan timbulnya berbagai kesalahan atau perubahan. Hal ini bisa terjadi karena penyalin tidak memahami bahasanya, ingin memperindah menurut seleranya, juga karena kesengajaan penyalin, sehingga diperlukan pembacaan dan penyuntingan naskah secara ilmiah. Masalah pernaskahan ini telah melahirkan suatu cara pendekatan, yaitu kritik teks untuk menghasilkan suntingan teks yang telah dibersihkan dari kesalahan-kesalahan, dan telah tersusun kembali seperti semula merupakan teks yang dapat dipertanggungjawabkan (Baried, 1983: 91-93).

Naskah *NQ*, ditemukan hanya satu buah, maka metode suntingan yang digunakan dalam penelitian ini adalah metode edisi standart.

4.2. Pedoman Penyuntingan

4.2.1. Penggunaan Tanda Baca

Tanda-tanda yang digunakan dalam transliterasi teks *NQ* adalah sebagai berikut:

1. Tanda titik (.) menggantikan penulisan tanda yang dipakai di dalam akhir setiap *pada* teks *NQ*.
2. Tanda koma (,) menggantikan penulisan tanda yang dipakai memisahkan *gatra* atau baris dalam setiap *pada*.
3. Tanda kurung ((...)) adalah tanda untuk pergantian halaman, sedangkan angka di dalamnya menunjukkan nomor halaman. Nomor halaman, disesuaikan dengan penomoran dalam naskah yang menggunakan angka internasional.

4.2.2. Pemakaian Ejaan

Suntingan teks *NQ* disesuaikan dengan Ejaan Bahasa Jawa yang disempurnakan. Penulisan teks dalam bahasa Jawa yang berbentuk *tembang*, penerapan Ejaan Bahasa Jawa yang disempurnakan kadang-kadang sulit diterapkan, atas dasar pertimbangan untuk mempertahankan prosodi *tembang*. Oleh karena itu, dalam transliterasi untuk beberapa hal Ejaan Bahasa Jawa yang disempurnakan tidak dapat diterapkan. Misalnya, penggunaan *baliswara*, yaitu penukaran letak kata dalam suatu bait dalam *tembang* yang menurut Ejaan Bahasa Jawa yang disempurnakan tidak dibenarkan.

Kata-kata asing yang sudah dipandang umum pada teks ditulis sesuai dengan Ejaan Bahasa Jawa yang disempurnakan, sedangkan yang tidak umum mengikuti pedoman ejaan yang disediakan.

4.2.3. Pedoman Transliterasi

Sejauh ini belum ada deskripsi tentang konvensi untuk menulis Pegon (Robson, 1994: 65).

Dalam penransliterasian teks *NQ*, penulis berpedoman kepada huruf Arab yang dijadikan Pegon, kuliah *Penggarapan Naskah Pegon* oleh Dra. Tutinah B. Munawar, 1986-1987.

Pembedaan fonem yang terdapat dalam teks *NQ*, yaitu: t (ت , ط), a (ا , ع), h (ح , هـ), s (س , ص), k (ك , ق , ء), z (ز , ظ), dilakukan pembatalan, yaitu pembedaan fonem-fonem tersebut ditiadakan, disesuaikan dengan Ejaan Bahasa Jawa yang disempurnakan, kecuali pada kata zhahir dan Qamar.

Huruf-huruf latin sebagai pengganti huruf-huruf Arab, dan huruf-huruf Arab yang dijadikan Pegon adalah :

Huruf Pegon	Huruf Jawa	Huruf Latin
هـ / ا	ꦲꦩ	ha
ن	ꦩ	na
ج	ꦗ	ca
ر	ꦫ	ra
ك	ꦏꦲ	ka
د	ꦢ	da
ت	ꦠ	ta
س	ꦱ	sa
و	ꦮ	wa
ل	ꦭ	la
ف	ꦱ	pa
پ	ꦱꦲ	dha
ح	ꦲ	ja
ي	ꦲꦲ	ya
ي	ꦲꦩ	nya
م	ꦩ	ma
ك / گ	ꦩ	ga
ب	ꦨꦫ	ba
ط	ꦲꦫ	tha
ع / غ	ꦲꦫ	nga

4.3 Suntingan Teks

Pupuh¹ Dhandhanggula, 11 pada

Pada ke-I

(1) Dhandhanggula kang dadi pemanis,
 kang den pamrih ingkang ngarang tembang,
 supaya suka kang maos,
 tamba kesel lan ngantuk,
 gawe lagu tambah birahi,
 malah mandar apaham,
 saunining tutur,
 dadya tuladhan utama,
 anak putu turuten ingkang berbudi,
 ngestokaken ing ujar.

Pada ke-II

Pirang-pirang conto ingkang zhahir,
 wong kang dhihin ingkang oleh bekja,
 marga wong tuwa tuture,
 estokna ing kalbu,
 wong kang oleh cilaka dhiri,
 tan nurut ing wawarah,

1. Dalam naskah tertulis *pub*. Berdasarkan kalimat keseluruhan, yang dimaksud kiranya adalah kata *pupuh*.

lakune kapahung,
 kang matak¹ ingsun ngarang tembang,
 pan manira sarehning luwih amiskin,
 ora duwe pusaka.

Pada ke-III

Rupa barang emas perak dhuwit,
 mung pituwah kinarya pusaka,
 ninggali anak putune,
 muga (2) Allah kang Agung,
 ingkang sifat Rahmanurrahim,
 amaringana manfaat,
 lan iki pitutur,
 den turuta wong sadaya,
 anak putu lanang wadon poma iki,
 angrungua kang pawarta.

Pada ke-IV

Dadya ingsun akarya gegurit,
 den belani susah kawula malah²,

1. Dalam naskah tertulis *mantak*. Dalam *Kamus Bahasa Sunda-Bahasa Indonesia*, Departemen Pendidikan dan Kebudayaan, Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa ditemukan kata *matak* yang berarti 'bisa menjadi sebab, lantaran'. Berdasarkan kalimat keseluruhan kemungkinan yang dimaksud adalah kata *matak*.

2. Dalam naskah tertulis *malar*. Berdasarkan kalimat keseluruhan kemungkinan yang dimaksud adalah kata *malah*.

ngulati dhongdhing omong,
 wecana ingkang surup,
 gendhing iki ora nyalini,
 asal saking hikayat,
 abisa¹ lumayu,
 ana sawiji carita,
 wong nom-noman baleg parlante berbudi,
 aran Ki Nurul Qamar.

Pada ke-V

Andhap asor manis becik budi,
 sawiji mangsa kang rama tan waras,
 banget wis parek maute,
 Nurul Qamar den celuk,
 sigra nembah sarwi ngabekti,
 ramane lon ngucap,
 Nurul Qamar agus,
 bapa (3) wus tan enak rasa,
 rasa-rasa wus parek teka ing janji,
 si bapa bakal pisah.

 1. Dalam naskah tertulis *abesa*, berdasarkan arti keseluruhan dalam kalimat ini kemungkinan yang dimaksud adalah kata *abisa*.

Pada ke-VI

Sarta bapa liwat saking miskin,
 ora bisa ninggali pusaka,
 yen emane ingsun abot,
 angot gedhe sak gunung,
 Nurul Qamar gantilan ati,
 si bapa arep pisah,
 lan sira wus tuntu,
 bapa tan bisa ninggali¹,
 warna bandha mas selaka inten dhuwit,
 mung pusaka wewekas.

Pada ke-VII

Nurul Qamar nyembah sarwi nangis,
 aduh rama sapinten artosnya,
 prakawis pusaka omong,
 kawula dereng maklum,
 rama ngucap sarwi anangis,
 dhuh agus Nurul Qamar,
 wewekas piwuruk,
 gugunen ta wekas ingsun,
 sak prakawis bisa ngreksa (4) ing lathi,
 aja age pangucap.

1. Dalam naskah tertulis kata *ninggalan*. Berdasarkan arti keseluruhan kemungkinan yang dimaksud adalah kata *ninggali*. Penggunaan kata *ninggalan* dimaksudkan untuk memenuhi prosodi *guru lagu*.

Pada ke-VIII

Akeh kojah ingkang ora hasil,
 siya-siya sumawana kang ina,
 utawa caturan goroh,
 roro angreksa suku,
 aja lunga ingkang tan hasil,
 apadene kang haram,
 lamun ora udur,
 ping telu kudu angreksa,
 tangan ira aja pisan wani-wani,
 jupuk¹ barang haram.

Pada ke-IX

Sumawana aja wani-wani,
 arep gagampang kagungane raja,
 senjata ajen sapeser,
 singkirana den estu,
 lan kaping pat sing ati-ati,
 sira anjaga mata,
 pacuan yen purun,
 mulat kalakuan haram,
 ina kang tan manfaat ing dhiri,
 andelenga ingkang halal.

1. Dalam naskah tertulis *juputa*. Berdasarkan arti keseluruhan dalam kalimat, kiranya yang dimaksud adalah kata *jupuk*. Penggunaan kata *juputa*, kemungkinan dimaksudkan untuk memenuhi jumlah *guru wilangan*.

Pada ke-X

Poma sira ingkang ati-ati,
 lamun sanja ing omah wong,
 (5)liyan aja nolah-noleh bae,
 lungguh bagus tumungkul,
 sumawana manjing negari,
 yata enggone raja,
 sira kudu lungguh,
 lawan aja bebagusan,
 boka oleh mangko bebenduning gusti,
 ingaran maro-tingal.

Pada ke-XI

Kaping lima perkarane maning,
 lamun sira ana ingkang niat¹,
 maring kalakuan soleh,
 ingkang patut den tulung,
 lah jurungen tumekaning dadi,
 atas sabisa-bisa,
 aja sungkan nulung,
 sumawana dening raja,
 kang sregep lampahana ingkang titi,
 amrih dadi kasmaran.

1. Berdasarkan kalimat teks ini kata *jiyat* tidak tepat digunakan. Kemungkinan yang dimaksud adalah *niyat*.

Pupuh¹ Asmarandana, 18 pada***Pada ke-I***

Kaping nem perkara maning,
 yen ana wong ngundang dhahar,
 poma sira kudu age,
 tekanana hajat jalma,
 yen tan ana alangan,
 poma agus (6) aja lumuh,
 suka ninggal pagawean.

Pada ke-II

Gawe den baleni maning,
 mangka wus anekanana,
 sahabatira hajate,
 karena lamun den tinggal,
 sira nampik pasihan,
 peparing Allah kang Agung
 rejeki kang wus tetela.

Pada ke-III

Ping pitu perkara maning,
 upama ana wong ala,
 kang arep drengki atine,

1. Lihat penjelasan kata *pupuh* pada *pupuh Dhandhanggula*.

poma-poma ingkang sabar,
 tahanen ing manahira,
 aja den lawani padu,
 pasrahna maring Allah.

Pada ke-IV

Inkang percaya¹ ing Gusti,
 kang dadekaken alam,
 sarta lan isine kabeh,
 jalma ora duwe daya,
 lan ora duwe kuwasa,
 anging Allah ingkang Agung,
 Gusti kang murba wisesa.

Pada ke-V

Nurul Qamar kang berbudi,
 nungkul ngarsane kang rama,
 sarwi ngusapi waspane,
 ngestokaken (7) wekas rama,
 dipunancang ing wardaya,
 tinalenan pucuk rambut,
 den seleh aneng ngembunan.

1. Berdasarkan kalimat teks ini kata *perjaya* tidak tepat digunakan. Lebih tepat jika digunakan kata *percaya*. Kesalahan ini terjadi kemungkinan karena salah tulis.

Pada ke-VI

Tan lawas waktune nuli,
kang rama dhateng ing mangsa,
nulya den sirami age,
sinalatken wus sampun,
adat tata agama,
wus tutug nulya den kubur,
kantun putra kang tinilar.

Pada ke-VII

Nurul Qamar wuwuh sedhik,
tan wonten ingkang kacipta,
amung piwuruk ramane,
nulya enggal manakawan,
dhateng raja kang kuwasa,
dadya tukang epuk ratu,
langkung saking kinasihan.

Pada ke-VIII

Nurul Qamar kang berbudi,
siyang dalu datan pisah,
ing raja anginthal bae,
saya lawas saya bisa,
Nurul Qamar gon ngawula,
adoh maring nemu luput,
ingkang maring kasalahan.

Pada ke-IX

Karana lakune apik,
(8) ora sakecap-kecapa,
lamun tan bersih kang omong,
ora rurungon ing ujar,
sejen pangrungunè,
sadaya lampah lan ilmu,
tan tinggal wekasing rama.

Pada ke-X

Raja dadi wuwuh asih,
nulya den paringi pangkat,
dinadekne mantri jero,
ingkang rumeksa kagungan,
saisine padaleman,
Nurul Qamar ingkang ngurus,
kabeh putra garwa raja.

Pada ke-XI

Nurul Qamar wuwuh apik,
rajin sarta wicaksana,
sarta gaten atulaten,
putra garwa kabeh suka,
sumawana Sri Narendra,
emane langkung sak gunung,
raja langkung apercaya.

Pada ke-XII

Kacatur akeh kang drengki,
 mantri-mantri ingkang liyan,
 sakabeh padha panasten,
 ningali sang Nurul Qamar,
 angot¹ kinasihan,
 wus cara putra waruju,
 (9) sakabeh kalah sedaya.

Pada ke-XIII

Kabeh mantri masing-masing,
 padha angulati daya,
 kang matak² dadi bebendu,
 ing dhirine Nurul Qamar,
 temen padha angupaya³,

1. Dalam naskah tertulis *angula*. Kiranya yang dimaksud adalah *angot*. Penggunaan kata *angula* ini kemungkinan dimaksudkan untuk memenuhi jumlah guru wilangan dalam *gatra* tersebut.

2. Lihat penjelasan kata *mantak* pada *pupuh Dhandhanggula*, pada kedua, *gatra* kedelapan.

3. Dalam naskah tertulis *anguqaya*. Berdasarkan kalimat teks ini, kemungkinan yang dimaksud adalah *angupaya*.

fitnah¹ ingkang ora patut,
kang matak² dadi cilaka.

Pada ke-XIV

Tetapi banget tan manggih,
reka datan angsal marga,
ngupados salahe angel,
dumadak wau Sang Nata,
karsa tindak meng-amengan,
para mantri kinen kumpul,
Sang Prabu sigra ngandika.

Pada ke-XV

He, sakehe para mantri,
saiki sun nedya³ tindak,
cangkrama dhumateng kebon,
watara samadya candra,
Sang Nata awewekas,

1. Dalam naskah tertulis kata *pintah*. Berdasarkan kalimat teks ini, kiranya yang dimaksud adalah *fitnah*.

2. Lihat penjelasan kata *mantak* pada *pada* kedua *pupuh Dhangdhanggula*.

3. Dalam naskah tertulis *nadya*. Berdasarkan kalimat teks ini, kemungkinan yang dimaksud adalah *nedya*.

kang liningan ing pamuwus,
mantri jero Nurul Qamar.

Pada ke-XVI

Nurul Qamar sira kari,
ing kene nunggu negara,
rumeksa isi kedhaton,
(10) kabeh ta mangsa boronga,
ingsun wus luwih percaya
ora roro tan tetelu,
amung sira kang prayoga.

Pada ke-XVII

Sinungan rowang prajurit,
jaga pati jaga baya,
rencange Ki Mantri Jero,
anjaga kraton raja,
sakabeh putra garwa,
sedaya kang sami kantong,
Sri Narendra sampun jengkar.

Pada ke-XVIII

Mantri sadayane sengit,
ningali mring Nurul Qamar,
batine pating plengos,
karepe kapriwen baya,

den kalahaken pisan,
 si Qamar lek iku,
 sakabeh kapungkur padha.

Pupuh¹ Pangkur, 18 pada

Pada ke-I

Kaya Patih manahira,
 jember suker wedose yen kalindhih,
 banget butarepanipun,
 dumeuh Ki Nurul Qamar,
 sakalangkung den kasihi mring Sang Prabu,
 (11) sarta luwih den percaya,
 ngalahaken maring Patih.

Pada ke-II

Sapungkure Sri Narendra,
 Nurul Qamar liwat saking gumati,
 angreksa kagungan ratu,
 sarta lan putra garwa,
 malah-malah Nurul Qamar dadi kurus,
 kurang dhahar kurang nendra,
 anjaga percaya gusti.

 1. Lihat penjelasan kata *pupuh* pada *pupuh Dhandhanggula*.

Pada ke-III

Kacatur ing laminira,
 kira-kira wis angsal wolung ratri,
 sakesahe Sang¹ Prabu,
 Ki Patih kacarita ngethek-ngethek,
 menggeh-menggeh nyandhet napsu,
 ngungkap angulati fitnah,
 kapengin age nemahi.

Pada ke-IV

Saiki wus oleh dalan,
 wus kapikir enggone gawe muntir,
 nulya nulis gagap-gugup,
 surat katur ing raja,
 ing jerone surat wawadul malulu,
 mekaten ungeling surat,
 abdi sampeyan pun Patih.

Pada ke-V

(12) Sapunika tur uninga,
 Nurul Qamar lampahipun tan yukti,
 nistha ina boten urus,
 angrusak kang klangenan,

1. Berdasarkan kalimat teks ini, kata *sanga* tidak tepat digunakan. Pada umumnya digunakan kata *sang*. Perbedaan ini kemungkinan disebabkan untuk memenuhi jumlah *guru wilangan* dalam *gatra* tersebut.

sampun panggih lan abdi satunggal waktu,
 ajeng-ajengan kalayan,
 garwa sampeyan dhuh Gusti.

Pada ke-VI

Garwa kang taruna pisan,
 ing gen sun¹ pengkeran panggenan Gusti,
 den aras sarta den ngrungrum,
 mekaten ing tingkah polah,
 sedaya-daya mangsa borong Sang² Prabu,
 awon tan atur uninga,
 menawi kasebut taksir.

Pada ke-VII

Sampuning dados kang serat,
 den bedhami³ lan matur padha adrengki,
 supaya mangkone terus,
 nyadiyani kang pariksa,
 bok menawi den kompas dening Sang Prabu,

1. Dalam naskah tertulis *sun*. Berdasarkan kalimat teks ini kemungkinan yang dimaksud adalah kata *sun*.

2. Berdasarkan kalimat teks ini serta jumlah *guru wilangan* menurut prosodi *tembang Jawa*, penggunaan kata *sanga* tidak tepat. Pada umumnya digunakan kata *sang*.

3. Dalam naskah tertulis *pedhami*. Berdasarkan kalimat teks ini kemungkinan yang dimaksud adalah *bedhami*.

terusa aja selaya,
wus sakutu kabeh mantri.

Pada ke-VIII

(13) Nulya serat dipun ecap,
den antarken mring wong kang oleh milih,
kang bisa matur ing ratu,
angtemabat¹ kang bicara,
kang supaya aja luput kang bebendu,
wus telas ungeling serat,
akal trekah Ki Patih.

Pada ke-IX

Wus mangkat kang bekta serat,
gagancangan ing marga sarwi amikir,
bakal aturan wawadul,
gancang ingkang carita,
sampun katur surat dhumateng Sang Prabu,
den waos sampun kamanah,
sumaput Sri Narapati.

Pada ke-X

Tan kathah wau mariksa,
nulya mantuk gancangan mring negri,
mantri kang kemit den celuk,

1. Dalam naskah tertulis *angemabat*. Berdasarkan kalimat keseluruhan, yang dimaksud kemungkinan adalah kata *angtemabat*.

ngandikan mring ngajengan,
den prepek supayane iku ngaku,
katerangane Nurul Qamar,
supados pinanggih bukti.

Pada ke-XI

(14) Mantri-mantri sadaya,
wantu-wantu sampun awal bedhami,
dadi tetep gusti bendu,
nanging dalem wardaya,
mandheg mangu ana eman ana luput,
enget kabecikanira,
bukti salawase ngabdi.

Pada ke-XII

Enget kalakuan ala,
jember sengit kapengin nigas murdaning,
nanging parandene¹ iku,
manahe den tega,
saking lawas rumaos putra waruju,
senajan pinatenana,
aja kongsi katon mami.

1. Dalam naskah tertulis *paratdene*. Berdasarkan kalimat keseluruhan, kemungkinan yang dimaksud adalah kata *parandene*.

Pada ke-XIII

Luwih bagus sun kongkon¹,
 mring omahe ki tukang kethok jalma,
 yen tinigas jangganipun,
 ora katingal ing wong,
 sak upama lah ingsun paringi maklum,
 ina jenenging narendra,
 ngapesaken (15) lungguh aji.

Pada ke-XIV

Dadi kapriwen baya,
 eman uga wus bonggane pribadi,
 toya luh raja brubul,
 galihipun radi keweran,
 nulya nyerat mekaten ungele tembung,
 iki surat ingsun Raja,
 tumeka mring juru pati.

Pada ke-XV

Ingang gawe iki surat,
 patenana janggane tigasen aglis,
 lan sirah ge sira bungkus,
 kirimna maring negara,

1. Dalam naskah tertulis *konkot*. Berdasarkan kalimat teks ini, kiranya kata yang tepat adalah kata *konkon*.

sampun rampung nyeratira Sang¹ Prabu,
 ngandika mring Nurul Qamar,
 raja ngucap semu manis.

Pada ke-XVI

Iki Nurul Qamar surat,
 glis gawanen wehna mring juru pati,
 aja suwe gawa iku,
 ingsun jaluk wangsulan,
 Nurul Qamar aturipun langkung nuhun,
 sarwi (16) nembah nampi surat,
 gupuh mintar saking ngarsi.

Pada ke-XVII

Sakathahe mantri samya,
 sukan-sukan tamtune iku dadi,
 Nurul Qamar dipun hukum,
 nimbali wau Sang Nata,
 ngaturaken garwane kang dipun tudhuh,
 tinundhung tan kena ora,
 den iring para prajurit.

 1. Lihat penjelasan kata *Sanga* pada *pupuh Pangkur*, pada ketiga, *gatra* ketiga.

Pada ke-XVIII

Winangsulken wismanira,
garwa raja manahira wus ngarti,
sarehning oleh bebendu,
margane saking fitnah,
den serahaken karsane Allah kang Agung,
mangsa borong kang kuwasa,
megatruh dhingin pinasthi.

Pupuh¹ Megatruh, 11 pada*Pada ke-I*

Cinarita Nurul Qamar sampun laju,
ngemban timbalaning gusti,
sareng ati kang saestu,
sabab durung pisan ngarti,
dheweke oleh bebendu.

Pada ke-II

Nurul Qamar gagancangan gagap-gugup,
sibra (17) ing marga pinanggih,
lan sanak den celuk-celuk,
mampir dhingin tuwan Mantri,
kangen lawas ora tumon.

1. Lihat penjelasan kata *pupuh* pada *pupuh Dhandhanggula*

Pada ke-III

Lah sumangga sami dhahar kumpul batur,
Mantri awecana aris,
kawula lagya ingutus,
ngemban timbalaning gusti,
mangsa sae leyas-leyos.

Pada ke-IV

Kakah-kukuh sahabat ngajak ngrubung,
tekanana hajat mami,
nulya kudon ngantos dangu,
Nurul Qamar sigra eling,
wekase kang rama mangko.

Pada ke-V

Sebab nyebut tekanana hajat dulur,
anulya reren Ki Mantri,
sigra dhahar gupuh-gupuh,
rame sukak-sukak ati,
kekangenan padha jongjon.

Pada ke-VI

Pan Ki Patih jelehe langkung-langkung,
kang luwih kudon adrengki,
mangsa Nurul Qamar (18) mlebu,
katingal maring Ki Patih,
antem den teter den pencok.

Pada ke-VII

Nulya tindak Ki Patih tut wingking nyusul,
 sang Nurul Qamar kapanggih,
 neng omah lagya ngariyung,
 angandika jeroning pikir,
 sira pisan kapregok.

Pada ke-VIII

Kabeneran kanggo amuwuhi bendu,
 pan mindho ingsun estu¹,
 si Nurul Qamar tan patut,
 ngemban timbalaning gusti,
 nyimpang satengahe uwot.

Pada ke-IX

Rekyana² Patih angucap sarwi besengut,
 eh, ta Nurul Qamar mantri,
 sireku lagya ingutus,
 gawa surat saking gusti,
 den selang dhingin nglebus.

1. Berdasarkan kalimat teks ini, kiranya yang dimaksud dengan *istori* adalah *estu*. Kesalahan yang terjadi kemungkinan karena usaha untuk memenuhi prosodi jumlah *guru wilangan*.

2. Dalam naskah tertulis *keyana*. Berdasarkan kalimat teks ini kemungkinan yang dimaksud adalah *rekyana*.

Pada ke-X

Endi iku surat kagungan Sang Prabu,
 ingsun kang arep lumaris,
 arep sinerenken iku,
 Nurul Qamar (19) hurmat takdhim,
 nembah sarwi matur alon.

Pada ke-XI

Purwa kula ingkang matak dereng laju,
 rehning kawula puniki,
 den endheg krihin sadulur,
 boten kenging den sadoni,
 asta kinanthi kemawon.

Pupuh¹ Kinanthi, 25 pada*Pada ke-I*

Kang surat cinandhak gupuh,
 pan kacatur sampun prapti,
 ing wismane juru tigas,
 surat pinaringken aglis,
 segra juru tigas nyembah,
 nampi surat saking gusti.

1. Lihat penjelasan penggunaan kata *pupuh* pada *pupuh Dhandhanggula*.

Pada ke-II

Winaca wus paham sampun,
 ungele¹ sampun kaarti,
 ingkang gawa iki surat,
 cekelen enggal den pati,
 lawan aja sira tanya,
 maning dosane wus yakin.

Pada ke-III

Wus kapaham surat sampun,
 nulya enggal juru pati,
 (20)ngundhangi ing kancanira,
 sadaya sadhiya samya,
 prabot piranti anigas,
 tumbak cagak palu wesi.

Pada ke-IV

Bature sampun akumpul,
 sami bekta palu wesi,
 padha nyabukaken tampar,
 ucapen mangke Ki Patih,
 angucap sajeronne manah,
 arep den apaken mami.

1. Dalam naskah tertulis *ungole*. Berdasarkan kalimat teks ini kiranya yang dimaksud adalah kata *ungele*.

Pada ke-V

Tan dangu nulya den pukul,
anjungkel wau Ki Patih,
jerit nangis gagerohan,
sesambat kapriye mami,
uwong ora duwe dosa,
lara temen sirah mami.

Pada ke-VI

Sigra wau dipun suduk,
den tigas segra tumuli,
ludira mancur nyamburat,
sampun palastra Ki Patih,
sirahe segra cinandhak,
den bungkus (21) lawon putih.

Pada ke-VII

Ki Nurul Qamar kawuwus,
sak wusing dhahar lumaris,
nusul ingkang bekta serat,
Ki Patih mring tukang pati,
sareng dhateng meh kapendhak,
amulat mayit Ki Patih.

Pada ke-VIII

Sirahe lagya den bungkus,
den bungkus lan lawon putih,
heran manah Nurul Qamar,

sigra takon juru pati,
iki kapriwen sababnya,
pinejahan Kyai Patih.

Pada ke-IX

Juru panigas sumaur,
purwa den kethok Ki Patih,
sabab teka gawa surat,
unine timbalan gusti,
ingkang gawa iki surat,
ing sira kudu den pati.

Pada ke-X

Sang Nurul Qamar amaphum,
kalakuan wus kabudi,
yen dhirine keneng fitnah,
ngucap (22) sajeroning ati,
nyata adiling Pangeran,
pati laju maring drengki.

Pada ke-XI

Sirah wus den bekta sampun,
den cangking maring juru pati,
den aturaken ing raja,

tan kawarna sampun prapti,
bungkusan sirah den candhak,
binuka dipun tingali.

Pada ke-XII

Sang Prabu langkung gagetun,
manah raos-raos ngimpi,
ngandika sajeroning manah,
kapriye gon ingsun nulis,
teka dudu Nurul Qamar,
teka numbeleh si Patih.

Pada ke-XIII

Sang Nurul Qamar den celuk,
pinariksa dhateng gusti,
Nurul Qamar ingsun tanya,
jaluk wangsulan kang yakin,
laku nira gawa surat¹,
saking ingsun juru pati.

Pada ke-XIV

Nurul Qamar gupuh matur,
nembah nuhun kula gusti,

1. Dalam naskah tertulis *surah*. Berdasarkan kalimat teks ini, kata *surah* tidak tepat digunakan. Pada umumnya adalah kata *surat*.

(23) awiyos mangke ing lampah,
sing awal dhateng ing akir,
sarta wasiyat pun bapa,
estu drengkine Ki Patih.

Pada ke-XV

Sang Nata sampun amaphum,
wus kamanah ka ing surti,
bersihe si Nurul Qamar,
lawan kedrengkian Patih¹,
saking alane Ki Patih,
katulah badan pribadi.

Pada ke-XVI

Adiling Allah kang Agung,
neng Nabi ora kapanggih,
neng Raja ora kabuka,
estu karsa kang gaib,
tan kena sesalindhungan,
najan buni wus kaeksi.

1. Dalam naskah tertulis *Ki Patya*. Berdasarkan kalimat keseluruhan kata *Ki Patya* tidak tepat digunakan. Kiranya yang dimaksud adalah *Ki Patih*.

Pada ke-XVII

Muga-muga anak putu,
lanang wadon kabeh iki,
lampah iku roro jalma,
Nurul Qamar lan Ki Patih,
kanggo tuladhan utama,
ingkang eling awan bengi.

Pada ke-XVIII

Yen slamet urip iku,
adoh fitnah zhahir batin,
turuten (24) si Nurul Qamar,
lampah bener ati suci,
anurut ujaring bapa,
senajan akeh kang drengki.

Pada ke-XIX

Ingang jeleh ora mampu,
ingkang kudon tan nyukupi,
ingkang ewa ora tahan,
nyatane dadi ambalik,
ingkang matenana,
tapi dheweke kang mati.

Pada ke-XX

Wus sakehe datan maphum,
 rusiya iki prakawis,
 oleh katrangan¹ira,
 Nurul Qamar ingkang bersih,
 Ki Patih kang gawe fitnah,
 sakongkel kabeh mantri.

Pada ke-XXI

Kabeh mantri ingkang hasud,
 sakuthu lawan Ki Patih,
 kabeh sami oleh wirang,
 kabendon lampaha luwih,
 lajeng Nurul Qamar segra,
 den angkat dados pepatih.

Pada ke-XXII

Kabeh wadya bala tundhuk,
 sumawana para mantri,
 pan wedi asih sedaya,
 Ki Nurul Qamar (25) pepatih,

1. Dalam naskah tertulis *katerakan*. Berdasarkan kalimat teks ini, kata *katerakan* tidak tepat digunakan. Kemungkinan yang dimaksud adalah *katrangan*.

padha bae lawan raja,
sampurna kang dadi patih.

Pada ke-XXIII

Bagus ucap mring sadulur,
bagus budi mring pamili,
becik basa marang kadang,
welas asih mring wong cilik,
bagus manah mring sesama,
sumungkem bekti ing gusti.

Pada ke-XXIV

Mangkono maning Sang Prabu,
asihe wuwuh sakethi,
emane tambah saleksa,
sadayane kang prakawis,
lawan kabeh kang rusiya,
den serahaken maring Ki Patih.

Pada ke-XXV

Iki carita wus tutug,
den wekasi lan kinanthi,
atur kawula kang karsa,
ngaturaken salam takdhim,

sadayane ingkang maca,
muga-muga ingkang eling.

Tamat Waallohu Aklam.